



Pou Piblikasyon Imedya: 12/28/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE AJANS ETA YO POU PREPARE RESOUS  
ENTÈVANSYON POU INONDASYON NAN LWÈS NEW YORK ANVAN  
INONDASYON POTANSYÈL YO AKÒZ NÈJ K AP FONN NAN TANPERATI CHO  
POU SEZON AN**

*Ponp, sak sab ak lòt resous ki disponib pou gouvènman lokal yo anvan  
inondasyon yo prevwa akòz nèj k ap fonn ak tanperati cho*

*Prèske 800,000 sak sab ak plis pase 300 ponp ak jeneratè ki disponib pou  
deplwaye depi nan depo Eta a pou diminye pwoblèm ki gen rapò ak inondasyon*

*Plizyè ajans eta ap prepare resous, ekipman ak pèsònèl pou sipòte minisipalite yo  
k ap fè fas ak inondasyon potansyèl*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plis sipò pou Lwès New York nan kad repons kontinyèl Eta a pou tanpèt ivè mètèl la ki te pote van siklòn, kondisyon vwal blan konplè, ak plis pase kat pye nèj lou ak imid pandan wikenn fèt la. Repons tanpèt Eta a ap kontinye semèn sa a epi, apati mèkredi, Gouvènè Hochul te deplwaye yon total 611 sòlda Gad Nasyonal nan rejyon Lwès New York. Militè yo divize an ekip twa moun, k ap fè vizit byennèt pòt an pòt nan kay ki te pèdi kouran epi ki te rele 911 pandan evènman an. An total, yo te rapòte plis pase 170,000 pàn kouran nan Lwès New York ak Vil Buffalo pandan tanpèt la. Pandan ke gwoup nèj efè lak yo pa yon menas ankò pou rejyon an, Gouvènè Hochul te mande ajans eta yo mèkredi pou yo prepare resous entèvansyon pou inondasyon kòm li posib pou gen inondasyon nan fen semèn sa a nan zòn Buffalo amezi tanperati a monte ak nèj kòmanse fonn.

"Pandan n ap travèse sitiyasyon tanpèt ivè istorik sa a, Eta New York ap kontinye rete prepare anvan kondisyon inondasyon ki kapab danjere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pèsònèl ajans eta nou yo ak sekouris ijans lokal yo te kowòdone pandan tanpèt la, epi n ap kontinye fè tout sa nou kapab pou pwoteje Nouyòkè Lwès yo epi ede kominote nou yo rekipere".

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York, Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environment Conservation, DEC) ak Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Pak) ap kowòdone youn ak lòt epi fè kontak ak minisipalite lokal yo konsènan

kote ki ka bezwen asistans avèk enkyetid inondasyon nan fen semèn nan amezi tanperati a ap monte. Malgre ke seri nèj efè lak yo te redui nan tout eta a, tanperati yo ta dwe ogmante gradyèlman pandan semèn nan kote pifò rejyon nan eta a wè tanperati ki ba-50 nan vandredi ak pandan wikenn nan. Inondasyon posib pita nan semèn nan ak nan wikenn sa a akòz nèj ki fonn ak glas ki fann. Kote ki vilnerab yo enkli wiso, kouran dlo ak zòn ki ba, ki pa gen ase drenaj.

DEC ap travay nan tèt kole ak ajans eta ak ajans lokal yo pou kowòdone ekipman rediksyon inondasyon ki gen ladan ponp ak sak sab nan ka rediksyon nesèsè pou pwoteje kay, biznis, oswa enfrastrikti kont inondasyon oswa gonfleman vwa navigab yo. Sa a se anplis kowòdinasyon kontinyèl pa plizyè ajans eta ak otorite yo avèk gouvènman lokal yo ak lapolis nan rejyon an pou ede libere machin ki bloke yo ak netwaye kay ak gwo lari, pami lòt aksyon entèkansyon nan tanpèt. Lòt ajans eta k ap sipòte efò sa yo enkli Biwo Sèvis Jeneral, Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè, ak Depatman Transpò. Lòt resous yo pral kontinye ap deplwaye jan bezwen yo parèt.

Pou sipòte operasyon sa yo, resous sa yo disponib pou deplwaye apati rezèv Eta a nan Konte Erie ak Monroe:

- 185 ponp de pous
- 91 ponp twa pous
- 44 ponp kat pous
- 14 ponp sis pous
- 312 jeneratè
- 4 operatè sak sab
- Plis pase 775,000 sak sab

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare,** "Gouvènè Hochul angaje pou l ede Nouyòkè Lwès yo rekipere apre tanpèt devastatè sa a epi entèkansyon nou an ap kontinye semèn sa a sou plas nan Buffalo. Tanperati yo pral monte nan fen semèn sa a epi, apre plis pase kat pye nèj, nou espere kèk inondasyon pou zòn ki sansib nan rejyon an. N ap travay avèk patnè ajans nou yo ak Konte Erie pou asire ke manadjè ijans lokal yo gen resous yo bezwen semèn sa a pou kenbe tout moun an sekirite".

**Komisè Depatman pou Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare,** "DEC kontinye bay asistans ak sipò pou ede kominote ki te afekte nan move tan ivè nan wikenn pase a, epi mwen felisite tout sekouris Eta yo ak lokal yo ki te pran mezi pou ede Nouyòkè yo pandan tanpèt san parèy sa a. Avèk tanperati yo ki ta dwe monte nan jou k ap vini yo, anplwaye DEC yo pral siveye inondasyon lokal yo epi yo pral kontinye kowòdone ak patnè yo sou livrezon pwovizyon esansyèl pandan n ap travay ak Gouvènè Hochul, DHSES, Biwo Pak Eta, ak lòt sekouris ijans eta ak lokal yo pou ede zòn Buffalo rekipere".

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare,** "Biwo Pak Eta yo ap swiv entèvansyon inisyèl nou nan machin ak mendèv pou nèj la nan kowòdone ak DEC pou ede redui domaj inondasyon nan rejyon an. Lapolis Pak nou an pral travay nan tèt kole ak ofisyèl eta ak lokal yo pandan ke lòt manm OPRHP yo pral ede transpòte kabann, manje ak dlo nan boutèy pou kominote a, pou sipòte mezi Gouvènè Hochul deja pran yo".

### **Konsèy sou Sekirite pou Inondasyon**

- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan "evakyasyon fanmi" epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye - ansanm ak dokiman foto ak videyo ki ka genyen — tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt byen pèsònèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv estòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Estoke dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la.
- Kenbe sou lamèn yon radyo pòtab, flach, batri anplis ak ekipman pou fè manje nan sitiyaasyon ijans.
- Kenbe machin ou ak gaz oswa chaj. Si kouran elektrik la koupe, estasyon gazolin ka p ap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf.
- Chache konnen konbyen pye pwopriyete w la mezire anlè ak anba nivo inondasyon posib yo. Lè yo fè w konnen nivo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si ou gen risk pou inonde.
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak bwa sou lamèn pou rezistans nan dlo nan sitiyaasyon ijans.

Pou jwenn yon lis konplè kondisyon meteyo ak mezi preparasyon anvan, pandan, ak apre yon inondasyon, vizite sitwèb Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans nan <https://www.dhSES.ny.gov/flood-safety-tips>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418